

Senk Etap pou Demare ak Ansèyman e Aprantisaj Adistans nan Lekòl Piblik Broward County


Anba a, nan papye-a, ou va jwenn yon lis etap sou sa pou w fè pou kòmanse aprantisaj sou Entènèt apati semenn 30 Mas

1. Kijan pou mwen ale lekòl?

Ale sou sit sso.browardschools.com.

2. Kijan pou m antre lekòl?

Anrejistre (Sign in) ak nimewo idantifikasyon elèv epi modpas/PIN ou pou w wè Clever Launchpad pa-ou. Chak elèv gen yon dashboard selon klas lap fè. Pi ba, ou va jwenn yon egzantp. Pou elèv ki jenn ak aprenan ki gen difikilte, paran/gadyen ta dwe antre enfòmasyon elèv-la, louvri yon sesyon epi konekte sou sit-la.




3. Kijan m pral antre nan klas?

Klike sou imaj Canvas ki antoure ak yon liy wouj.

4. Kijan m ap antre nan klas?


Itilize bouton "Courses" ki sou ba navigasyon kote goch e ble (left blue navigation bar) pou w gen aksè a klas-ou. Oswa klike sou Canvas Tile ki va mennen ou dirèk nan klas Canvas (Canvas course).



5. Kijan m'ap entèaji/kominike ak pwofesè-mwen (pwofesè-yo)?

Fè lekti notifikasyon ak annons pwofesè ou, anwo paj akéy klas Canvas ou, epi apresya chache ki devwa pwofesè a ba-ou. Si pwofesè a prepare travay ou ak modil (Modules), klike sou lyen Modules, ki sou ba navigasyon klas-ou, sou bò goch, pou w kòmanse wè chak leson (inite etid).

Pwofesè ou ka aktive videyo konferans andirèk, videyo pre-anrejistre, epitou mesaj Canvas. Chak pwofesè va ba-ou enstriksyon espesifik sou jan li pral kominike ak ou-menm, paran, epi pitit-ou.



Byenke pitit-ou ap patisipe nan aprantisaj adistans, sou Entènèt, pitit-ou pap bezwen devan konpitè a diran tout yon jounen. Elèv-yo dwe konekte epi louvri yon sesyon pou yo ka resevwa devwa-yo ak esplikasyon de pwofesè a (pwofesè-yo). Elèv-yo ka fè devwa-yo sou Entènèt oswa pral fè devwa-yo anliy (Entènèt), sepandan, elèv-yo ka konplete devwa lè yo pa anliy. Nan ka sa elèv-yo va telechaje (upload) devwa a sou klas Canvas-yo pou pwofesè a bay nòt. Yo ka mande elèv-yo patisipe nan yon webinar andirèk oubyen gade yon videyo anliy pou elèv-yo resevwa enstriksyon yo bezwen. Webinar ak videyo sa-yo ka diferan selon dire yo. Kòm toujou, tanpri eseye bay pitit-ou sipò otanke posib pou ede-yo konplete devwa-yo. Tanpri pa ezite kontakte pwofesè pitit-ou pa imel si ou gen kesyon sou ansèyman adistans, sou Entènèt, oswa gen enkyetid.

Si pitit-ou pa gen okenn klas Canvas oswa pa resevwa notifikasyon ak annons le Lendi, 30 Mas, tanpri ale sou sit browardschools.com/learningnevercloses. Gen anpil aktivite pou diferan klas ki disponib pandan plizyè jou; elèv-yo ka fè aktivite sa-yo annatandan pwofesè-yo mete sou Entènèt klas-yo epi klas vin disponib. Si rive Madi, 31 Mas, ou pa resevwa okenn enfòmasyon, tanpri voye yon imel bay administrasyon lekòl-la oswa rele lekòl-la.

Pou plis enfòmasyon ak mizajou, vizite sit browardschools.com/coronavirus.

**Tanpri pran nòt chanjman nan enfòmasyon fèt
toutan epi mizajou enfòmasyon va fèt ositoke posib.**

The School Board of Broward County, Florida Lori Alhadeff • Robin Bartleman • Heather P. Brinkworth • Patricia Good • Donna P. Korn
Laurie Rich Levinson • Ann Murray • Dr. Rosalind Osgood • Nora Rupert • Robert W. Runcie, Superintendent of Schools

The School Board of Broward County, Florida, entèdi tout regleman oswa pwosedi ki lakòz diskriminasyon sou baz laj, koulè po, andikap, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, eta sivil, nasyonalite, ras, relijyon, sèks oswa oryantasyon seksyèl. School Boy bay Boy Scouts ak lòt gwoup jenn ki deziye, aksè egal. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman ka kontakte Direktè, depatman Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department & Kodonate Ekite Distri a/Kodonate Title IX nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. Dapre amannmann Iwa Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008 (ADAAA), moun ki bezwen akomodasyon ka kontakte depatman Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department nan ewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. browardschools.com